



ÈSKE OU ANDIKAPE EPI W AP APLIKE POU MEDICAID?

Notifikasyon Enfòmasyon sou Enfimite ak Fòm Demann

Kisa Medicaid ye? Yon pwogram federal ak eta ki bay asistans medikal pou moun ki kalifye dapre kondisyon teknik, revni ak kalifikasyon resous yo. Si ou poko gen 65 lane, ou pa ansent epi ou pa gen pitit, ou dwe andikape pou kalifye pou Medicaid Florida.

Ki sa andikap ye? Ou ka andikape si ou gen yon pwoblèm medikal ki afekte (oswa ki ki pral afekte) kapasite ou pou travay pandan omwen 12 mwa konplè oswa si ou panse li ka mennen lanmò. Timoun yo ka konsidere kòm andikape si yo gen yon pwoblèm medikal ki konsidere kòm yon kondisyon andikape pou yon adilt. Si w ap aplike pou Medicaid selon andikap ou, ou dwe aplike pou avantaj andikap ou ka elijib pou yo, ki gen ladan peman Sekirite Sosyal Andikap Asirans (SSDI). Ou pa oblije aplike pou Revni Sekirite Sipleman (SSI). Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sekirite Sosyal, rele 1-800-772-1213 oswa vizite yo sou Entènèt nan <http://www.ssa.gov>.

Kilès ki deside si mwen andikape? Yo detèmine andikap ak menm kritè ke Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) itilize pou detèmine andikap pou pwogram yo. Si SSA detèmine ou andikape, nou itilize desizyon yo. Si ou pa gen yon detèminasyon andikap nan men SSA, n ap travay avèk Divizyon Detèminasyon Enfimite (DDD) epi fè yo evalye kondisyon ou dapre enfòmasyon medikal ou bay.

Kisa mwen dwe bay? Si ou gen yon detèminasyon sou andikap nan men SSA, ban nou yon kopi lèt yo ki montre desizyon yo pran ak dat andikap ou a te kòmanse a. Pa gen okenn lòt enfòmasyon medikal ki nesesè lè andikap la te etabli pa SSA. Si ou pa gen yon detèminasyon andikap nan men SSA, ou bezwen bay enfòmasyon sou pwoblèm sante ou. N ap voye enfòmasyon yo bay DDD pou yo evalye epi pran yon desizyon sou andikap.

Ki enfòmasyon mwen bezwen pou entèvyou mwen an?

- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn tout doktè yo, lopital, ak klinik ki te trete w la ak dat tretman an.
- Non tout medikaman ou pran pou kondisyon ou.
- Dosye medikal doktè ou yo, terapet yo, lopital yo ak klinik ou yo ki gen ladan rezilta laboratwa ak tès yo.
- Enfòmasyon sou aktivite nòmal ou chak jou, enterè, ak pastan, ak kijan pwoblèm sante ou afekte w.
- Fòm CF-ES 2514 ki siyen epi ki date (Otorizasyon pou divilge enfòmasyon).

Ki lòt enfòmasyon mwen ta dwe bay? Anplis ke yo detèmine ou andikape, ou dwe gen revni ak resous nan sèten limit pou kalifye pou Medicaid. Ou dwe yon rezidan nan Florid epi ou dwe yon sitwayen ameriken tou oswa yon moun kalifye ki pa sitwayen ameriken. Pou fini revizyon elijiblite ou a nou pral bezwen:

- ☒ Nimewo Sekirite Sosyal.*
- ☒ Kat anrejistremant etranje, si se pa yon sitwayen ameriken.*
- ☒ Prèv revni brit chak mwa ki soti nan tout sous.
- ☒ Nenpòt lèt ou te resevwa nan men Sekirite Sosyal konsènan andikap ou.
- ☒ Prèv ou te aplike pou peman Asirans Enfimite Sekirite Sosyal.*
- ☒ Enfòmasyon sou bagay ou posede tankou kont labank, kontra asirans vi (yo), aksyon, anwite, byen imobilye, machin, elatriye.

Lis ki pi wo a gen ladann kalite enfòmasyon ki pi komen nou bezwen pou detèmine si ou kalifye pou Medicaid. Si nou bezwen lòt enfòmasyon n ap mande, alekri, pandan entèvyou ou a oswa pandan n ap trete ka ou a.

* Pa obligatwa si ou pa yon sitwayen epi ou ap aplike sèlman pou Sèvis Medikal Ijans pou kouvri peryòd sèvis ijans sèlman.

Pa pèdi tan! Pa retade entèvyou ou si ou pa gen tout enfòmasyon sa yo. Ou ka bay li pita oswa nou ka ede ou jwenn li. Si ou bannou dosye medikal ak aplikasyon ou an, sa ka ede nou pran yon desizyon pi rapid, men si yo pa disponib, n ap toujou voye aplikasyon ou a pou andikap la bay Divizyon Detèminasyon Enfimite pou l revize. Ou ka kopye dosye medikal ou nan yon sant sèvis kliyan, faks yo ba nou oswa telechaje yo dirèkteman sou kont MyAccess ou. Lis sant sèvis yo, nimewo faks pou Sant lapòs ak eskanè nou an disponib sou entènèt nan <https://www.myflfamilies.com/service-programs/access/>.

Trè Enpòtan! Nou ranpli pifò entèvyou pa telefòn. Si ou bezwen repwograme entèvyou ou a, tanpri rele nimewo ki sou lèt randevou ou a pou ou pran yon lòt lè pou ou pran entèvyou a. Tanpri konprann ke repwograme yon entèvyou ka lakòz yon reta nan pwosesis aplikasyon Medicaid ou a.

N ap fè tout efò posiblite pou ranpli aplikasyon ou an nan 90 jou apati dat nou resevwa aplikasyon ou an. Si ou pa remèt enfòmasyon ki nesèsè pou pran yon desizyon nan dat limit la, nou ba ou sa ka pran plis tan pou nou trete aplikasyon ou an.

Si nou poko travay aplikasyon ou an aprè 100 jou, n ap egzamine ka ou a pou detèmine poukisa yo pa t pran yon desizyon epi n ap travay ak anplwaye yo pou rezoud nenpòt kesyon ki poko jwenn yon solisyon.

Si nou fini yon revizyon 100 jou sou ka ou an, n ap voye yon lèt espesyal pou ba ou rezilta revizyon nou an. N ap kontinye kontwole ka ou an jiskaske yo pran yon desizyon final.

Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan <https://www.myflfamilies.com/service-programs/access/> oswa lè ou rele nan 1-850-300-4323 epi mande yo voye yon aplikasyon ba ou pa lapòs.

Depatman Timoun ak Fanmi yo pral ajì sou aplikasyon ou an san yo pa konsidere laj, ras, koulè, sèks, andikap, kwayans relijye, orijin nasyonal, sitiasyon matrimonyal oswa kwayans politik.